



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CHOBANI FÈ DON PRÈSKE 300,000 PWODWI POU SIPÒTE MOUN KI AFEKTE NAN DÈSNYE KATASTWÒF NATIRÈL AK KRIZ IMANITÈ YO**

**200,000 pwodwi prale Sekou nan kad Siklòn Ida ak yon lòt 100,000 pou Afgan ke yo evakye yo ak manm sèvis amerikem yo**

***Li ankouraje biznis ak rezidan New York yo pou yo bay yon kout men***

***Foto yo disponib [isit la](#) eoi Videyo [isit la](#)***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke pwodiktyè manje ki baze nan Eta New York ki se Chobani ap ede fanmi yo ki afekte pa Siklòn Ida ak evakye yo ki soti nan Afganistan, ki loje nan baz militè Ameriken yo, lè li bay ak distribye prèske 300,000 pwodwi, ki gen ladan yogout New York. Swit aprè siklòn Ida, epi pou ede twoup nou yo k ap pran swen refijye ki te evakye ki soti an Afganistan, Chobani ap voye kamyon plen manje soti nan izin ki nan nò New York rive nan zòn Vil New York, Louisiana, ak New Jersey. Komisyone Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te rankontre reprezantan Chobani yo ak Sant pou Refijye yo nan Utica jodi a pou ede chaje yon trelè ki pral distribye sekou nan Mamaronek, New York, ki te sou chemen Ida, e pou ankouraje lòt biznis New York yo pou ede kote sa posib.

"New York se yon limyè espwa pou moun atravè mond lan, ak don Chobani jodi a mete aksan sou jenewozite nou ak lespri ke yo admire atravè lemond", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout biznis ak Nouyòkè ki vle ede yo pou swiv tras Chobani epi bay sa yo ka epanye pou ede sipòte moun ki te sou chemen Ida ak evakye yo ki soti an Afganistan pandan y ap reprann ak reyenstale yo."

Chobani ap voye apeprè 100,000 pwodwi, ki gen ladan yogout ki fèt nan New York, pa kamyon nan bank alimantè nan zòn metwopolitèn Vil New York City ak zòn ki antoure yo, ak yon lòt 100,000 pwodwi nan Louisiana, tout sa yo se pou ede moun ki te sou chemen devastasyon ke Siklòn Ida te kite. Jedi a nan Mamaroneck, New York, Chobani pral sou plas pou ede nourri 300 moun ki te afekte pa Ida ki te frape zòn New York nan kòmansman mwa septanm lan.

Anplis de sa, an patenarya avèk USO a, Chobani ap voye yon kamyon, ki gen prèske 100,000 pwodwi, ki gen ladan yogurt ki fèt nan New York, ki soti nan izin li an nan New York Santral rive nan Fort Lee nan Virginia ak Joint Base McGuire-Dix-Lakehurst nan New Jersey, kote evakye Afgan yo loje ak sipòte pa manm sèvis US yo.

Misyon Chobani se fè bon manje pou tout moun, pandan y ap elve kominote yo epi fè mond lan yon kote ki pi an sante. Li gen yon istwa long nan sipòte kominote ki nan bezwen yo, ki gen ladan bay plis pase 8.5 milyon pwodwi soti nan yon ekstremité ale nan yon lò pandan pandemi an - ak patisipe nan pwogram racha lèt eta a, Nourish New York. Yo menm tou yo patisipe nan pwogram tankou Holiday Meals for Military (Repa pandan Jou Ferye pou Militè) epi yo te kreye yon lo yogurt espesyal PB&J Food Bank nan yon tan limite, yo bay 100% nan pwofi yo pou bank alimantè Feeding America pou sipòte pwogram yo ki konsantre sou timoun.

**Ball, ki se Komisè Agrikilti a, te deklare,** "Nouyòkè yo toujou mobilize pou ede vwazen nou yo nan moman bezwen yo, menm jan yo te pwouve sa plizyè fwa nan yon ane edmi ki sot pase a. Mwen remèsye Chobani paske li te trase chemen jodi a nan bay don pwodwi letye New York ki an sante epi ki gou bay fanmi ki nan bezwen yo, e mwen ankouraje lòt moun pou swiv tras Chobani an."

**Fondatè epi Direktè Egzekitif Jeneral Chobani an, Hamdi Ulukaya, te deklare,** "Nou te konstate yon seri kriz enkwayab nan twa semèn ki sot pase yo - alafwa natirèl ak imanitè, alafwa nasyonal ak mondyal. Kòm yon konpayi alimantè, nou konnen valè manje nourisan genyen pandan yon moman ki gen gwo bezwen ak pèt sa yo. Toujou gen anpil rekiperasyon ak rekonstriksyon ak reyentegrasyon ki pou fèt, nou tout bezwen jwe wòl pa nou, kòm yon konpayi ak eta, pou ouvri bra ak kè nou pou asire ke moun yo manje epi yo pran swen yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske ou trase egzanp ak ankouraje tout Nouyòkè yo pou ede vwazen yo."

Gouvènè Kathy Hochul [te anonse nan dat 6 septanm](#) ke Prezidan Biden te apwouve yon Deklarasyon akselere pou Katastwòf Majè ki pral ede bay soulajman finansye federal pou gouvènman lokal yo ak Nouyòkè yo epi bay asistans endividyèl ak piblik pou Nouyòkè ki elijib yo ka rekipere anba domaj inondasyon rès Siklòn Ida te lakòz. Konte yo ke deklarasyon pou asistans endividyèl ak piblik la kouvri gen ladan: Bronx, Queens, Kings, Richmond ak Westchester. Nan moman sa a, Konte New York enkli pou asistans piblik sèlman. Gouvènè a pral kontinye travay avèk FEMA ak patnè federal, eta ak lokal yo pou asire Nouyòkè yo jwenn soulajman anplis yo bezwen. Nouyòkè yo ki te deplase, sa gen ladan fanmi ki pa asire yo, ap elijib pou fon pou Èd Lojman ansanm ak konsèy nan sitiasyon kriz, asistans pou chomaj, reparasyon kay ak sèvis jiridik.

Gouvènè Hochul [te anonse tou avan sa](#) ke Eta New York la prepare pou akeyi arive resòtisan Afgan k ap kouri pou vyolans ak enstabilite k ap pwopaje nan tout peyi twouble a. Sèvis Refijye ak Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a pare pou asiste moun k ap chèche reyenstale yo nan New York epi yo kontinye tradisyon fyè eta a genyen pou l akeyi moun k ap kouri pou pèsekisyon oswa lagè. Nouyòkè k ap chèche sipòte Afgan k ap rive nan New York yo ka kontakte Liy Asistans Biwo pou Nouvo Ameriken an nan

1-800-566-7636 pou jwenn enfòmasyon sou founisè lokal yo ak fason yo ka ede. Liy Asistans lan disponib tou pou tout imigran ki bezwen asistans konfidansyèl ak koneksyon pou sipò ak sèvis.

### **Enfòmasyon sou Chobani**

Chobani se yon pwodiktè manje ki gen yon misyon pou fè bon jan kalite manje ki nourisan ki aksesib pou plis moun, pandan l ap elve kominote nou yo epi fè mond lan yon kote ki pi an sante. Pou rezime: li fè bon manje pou tout moun. Pou sipòte misyon sa a, yo se yon konpayi ki baze sou valè, ki mete moun an premye, ki konsantre sou manje ak byennèt, e yo te konsa depi lè Hamdi Ulukaya, yon imigran nan peyi Etazini, te fonde konpayi a an 2005. Yo pwodui [yogout](#), [avwàn](#), [krèm a baz lèt ak vejetal](#), [kafe ki pare pou bwè](#) ak [bwason probyotik a baz vejetal](#). Chobani yogout se No.1 nan mak yogout nan Etazini, epi li fèt ak engredyan ki sèlman natirèl san konsèvatè atifisyèl.

Chobani itilize manje kòm yon fòs pou fè bon bagay nan mond lan - nou mete imanite an premye nan tout sa nou fè. Efò filantwopik yo priyorize bay an retou nan kominote nou yo ak odela: y ap travay pou elimine famin anfantil, sipòte imigran yo, refijye yo ak moun ki pa reprezante ase yo, onore veteran yo, ak pwoteje planèt la. Nou fabrike pwodui nou yo Nan Vil New York, Idaho, ak Ostrali. Pwodwi Chobani yo disponib nan tout Amerik di Nò a ak distribye nan Ostrali ak lòt mache ke yo chwazi. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [www.chobani.com](http://www.chobani.com) epi swiv yo soy [Facebook](#), [Twitter](#), [Instagram](#), ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)